



Ankèt Entèn yo

Nimewo Politik la: RP-26-01

Dat Piblikasyon: 14 Me 2026

Dat Antre an Vigè: 17 Novanm 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl ki gen Lisans

KONTÈKS


Lè yon ensidan grav rive nan yon Pwogram Rezidansyèl, ki gen ladan lè gen yon akizasyon abi, règleman Depatman Early Education and Care (EEC) egzije pwogram nan pou fè yon ankèt entèn pou bay yon evalyasyon pwofondè sou ensidan an, ki gen ladan kòz ensidan an, moun ki enplike yo, ak aksyon korektif ki dwe pran yo. Apre sa, ankèt entèn yo pataje avèk EEC epi EEC revize yo. Atravè politik sa a, EEC chèche klarifye pou pwogram yo sikonstans ki egzije yon ankèt entèn ak pwosedi pwogram yo dwe genyen an plas pou fè ankèt sa yo.

OTORITE

- 3.04(3)(f): Moun ki gen lisans lan dwe devlope epi swiv pwosedi pou fè ankèt entèn andedan pwogram nan.

DEKLARASYON POLITIK

Yon pwogram rezidansyèl EEC bay lisans dwe fè yon ankèt entèn lè:

- Yo rapòte yon ensidan bay Depatman Children and Families (DCF) dapre M.G.L. chapit 119, seksyon 51A, kèlkeswa si ¹ aksepte rapò a pou ankèt oswa non.

¹ An konfòmite avèk 606 CMR 3.04(5)(d)(3), nenpòt manm pèsonèl yo sispèk fè abi oswa neglijan potansyèl dwe retire imedyatman nan kontak san sipèvizyon avèk rezidan yo. Tanpri gade politik EEC sou Retire ak Retounen Anplwaye yo Sispèk de Abi oswa Neglijan ([lyen](#)) pou plis detay.

50 Milk Street, 14th Floor, Boston, MA 02109

Phone: 617-988-6600 • Fax: 617-988-2451 • office.commissioners@mass.gov

mass.gov/EEC

- Yo fè yon rapò bay Disabled Persons Protection Commission (DPPC) dapre M.G.L. chapit 19C.²
- Yon ensidan rive ki pa rapòte bay DCF oswa DPPC men ki toujou souve enkyetid sou sante ak sekirite epi ki mande notifikasyon bay EEC, ki gen ladan men pa limite ak:
 - Nenpòt blesi grav;
 - Yon maladi grav ki ka pa te resevwa tretman medikal apwopriye;
 - Yon gwo dezòd rezidan yo fè nan yon etablisman;
 - Yon dife oswa lòt ijans ki mande evakyasyon ak/oswa bezwen chèche lòt abri;
 - Yon rezidan ki disparèt oswa absan.

Politik ak Pwosedir Ankèt Obligatwa yo

Moun ki gen lisans yo oblije devlope epi swiv pwosedir pou fè ankèt entèn nan pwogram nan. Pwosedir sa yo dwe apwouve pa EEC epi yo dwe gen ladan:

1. Dispozisyon pou kominike ak kowòdone avèk EEC, DCF, DPPC, ak lòt antite ekstèn ki otorize pou fè ankèt *anvan yo kòmanse nenpòt ankèt entèn*;

- Moun ki gen lisans lan dwe konsilte avèk EEC anvan li kòmanse ankèt entèn li chak fwa EEC, oswa nenpòt lòt ajans ekstèn, ap fè ankèt sou ensidan an tou.
- Si yon ajans ekstèn k ap fè ankèt mande yon founisè retade aktivite ankèt entèn li yo, moun ki gen lisans lan dwe kolabore epi enfòm EEC sou demann sa yo.

2. Delè pou fè epi fini ankèt yo;

- Ankèt entèn yo dwe fini pou asire sekirite rezidan yo, pwoteje dwa tout pati ki enplike yo, epi minimize dezòd andedan pwogram nan. De semèn se yon estimasyon apwoksimatif pou anpil ankèt entèn; sepandan, yon ankèt konplèks ki enplike plizyè ajans, anpil entèvyou, ak anpil dokimantasyon ka mande plis tan.

3. Fòm estanda ki dwe itilize pou rapò ankèt yo;

- Apre revizyon prèv yo, anketè pwogram nan dwe ekri yon rapò ki:
 - deklare akizasyon yo;

² An konfòmite avèk 606 CMR 3.04(5)(d)(3), nenpòt manm pèsònèl yo sispèk fè abi oswa neglijan potansyèl dwe retire imedyatman nan kontak san sipèvizyon avèk rezidan yo. Tanpri gade politik EEC sou Retire ak Retounen Anplwaye yo Sispèk de Abi oswa Neglijan([lyen](#)) pou plis detay.

- dekri aktivite ankèt yo;
- bay detay sou konklizyon yo; epi
- dekri nenpòt aksyon korektif moun ki gen lisans lan pran, ki gen ladan rekòmandasyon pou anpeche ensidan menm jan rive ankò nan lavni.
- Rapò sa a, ansanm ak nenpòt dokiman, ki gen ladan videyo siveyans³ oswa odyo ke moun ki gen lisans lan oswa manm pèsònèl la kolekte oswa pwodwi, dwe disponib pou EEC epi EEC ka revize yo kòm pati nan aktivite ankèt li yo.

4. Pwosesis pou deziyen moun ki responsab pou fè ankèt la;

- Ankèt entèn la dwe fèt pa moun ki pa enplike nan ensidan an okenn fason epi ki kapab revize reyalite ki antoure evènman an avèk objektivite. Moun sa yo ka gen ladan yon administratè ajans, yon ekip anplwaye, oswa yon konsiltan ekstèn.
- Anketè yo dwe fè entèvyou endividyèl avèk tout moun ak temwen ki enplike yo epi yo dwe ranmase tout dokimantasyon ki enpòtan, tankou deklarasyon siyen, rapò ensidan, rapò medikal, antre nan rejis yo, dosye rezidan yo, ak dosye pèsònèl yo.

5. Pwosesis pou revize rapò ankèt la epi pran aksyon korektif;

- Lè yo rive nan yon detèminasyon, moun ki gen lisans lan dwe revize sikonstans ki antoure ensidan an, adrese nenpòt non-konfòmite, epi idantifye kijan pwogram nan pral anpeche evènman menm jan rive ankò.

6. Yon plan alekri pou anplwaye yo depoze yon rapò abi oswa neglijan bay DCF, dapre M.G.L. c. 119, § 51A, oswa DPPC, dapre M.G.L. c. 19C. Anplis, pou anplwaye pwogram ki sèvi jèn paran yo, plan an dwe gen ladan gid pou rapòte abi oswa neglijan timoun pa paran jèn yo ak abi oswa neglijan paran jèn ki poko gen 18 an pa moun k ap pran swen yo;

- Nan tout ka akizasyon agresyon fizik oswa seksyèl grav oswa blesi ki rapòte bay lapolis oswa Biwo Pwokirè Distri a, moun ki gen lisans lan dwe konsilte avèk ajan lisans EEC pwogram nan anvan li kòmanse yon ankèt entèn.
- Plan sa a dwe gen ladan pwosedi pou notifye EEC, jan 606 CMR 3.04(3)(g) egzije sa.

³ Videyo oswa anrejistreman odyo EEC mande kòm pati nan aktivite ankèt yo pa ka modifiye oswa efase jiskaske EEC fini ankèt li a.

Notifye EEC

An konfòmite avèk 3.04(5), lè moun ki gen lisans lan, chèf administratif moun ki gen lisans lan, oswa yon reprezantan aprann yon akizasyon oswa yon ensidan grav nan swen Rezidansyèl, yo dwe notifye EEC imedyatman epi pa pita pase 24 èdtan apre avi oswa evènman an lè yo antre ka a nan Pòtal EEC LEAD la. **Si ka a enplike lanmò, evakyasyon, oswa yon evènman gwo pwofil/medya, moun ki gen lisans lan dwe rele Biwo Rejyonal EEC la tou.**

KONFÒMITE

Echèk pou soumèt dokimantasyon ki montre fini yon ankèt entèn nan ka ki egzije sa ka lakòz yon sitasyon pou non-konfòmite avèk règleman EEC yo.

ENFÒMASYON ANPLIS

Pou plis enfòmasyon sou egzijans EEC yo lè gen akizasyon abi oswa neglijan kont manm pèsonèl yo, tanpri gade Politik EEC sou [Retire ak Retounen Anplwaye yo Sispèk de Abi oswa Neglijan](#).

DEMODE

Pou pwogram Rezidansyèl ki gen lisans, politik sa a, ansanm ak politik EEC sou Retire ak Retounen Anplwaye yo Sispèk de Abi oswa Neglijan, ranplase ansyen politik EEC sou Ankèt Entèn ak Gid Pèsonèl ki te pibliye 22 Mas 2022.